



Pou Piblikasyon Imedya: 03/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AK MAJISTRA DE BLASIO ANONSE SIT VAKSINASYON AN MAS NAN ESTAD YANKEE AP OUVRI VENDREDI**

*Avèk to positivite Bronx lan ki aktyèlman pi oo pami tout minisipalite NYC yo, yo pral rezève sit pou rezidan Bronx yo sou randevou sèlman*

*Gen 15,000 randevou ki disponib pandan premye semèn nan*

*Devlopman sit la posib gras ak yon patenarya avèk New York Yankees, SOMOS Community Care ak Gad Nasyonal New York la*

*Sit nan Estad Yankee a pral ranfòse angajman Eta a ak Vil la pou asire jistis ak ekite nan pwosesis distribisyon vaksen an*

*Rezidan Bronx yo ka pran randevou lè yo vizite [Somosvaccinations.com](https://www.somosvaccinations.com) oswa lè yo rele 1-833-SomosNY*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Majistra Bill de Blasio anonse sit vaksinasyon an mas nan Estad Yankee (Yankee Stadium) pral kòmanse administre vaksen COVID-19 bay rezidan Bronx ki elijib yo vandredi 5 fevriye. Sit la, te etabli atravè yon patenarya ant Eta New York, Vil New York, New York Yankees, SOMOS Community Care ak Gad Nasyonal New York la, yo te devlope li non sèlman pou rezoud dirèkteman to pozitivite konsènan Bronx - ki se to ki pi wo pami tout minisipalite nan Vil New York yo - men tou pou ranfòse manda Eta a ak Vil la pou jistis ak ekite sosyal nan pwosesis distribisyon vaksen an.

"Li vrèman klè ke kominote Nwa, Latino ak kominote pòv yo frape pi di pa COVID, epi Bronx lan pa epanye", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Efò nou yo nan sible vaksinasyon pa lye ki gen to pozitivite ki pi wo yo pèmèt non sèlman nou kenbe to enfeksyon an ba, men ede asire ekite nan pwosesis distribisyon vaksen nou an, epi ouvèti yon sit vaksinasyon an mas nan Estad Yanke - ki se pi gwo ablèm istorik Bronx la - se solisyon an pafè pou ede minisipalite sa pran vaksen ak pote viktwa kont COVID la yon fwa pou tout."

"Mega sit sa a montre sou ki sa efò de baz Vaksen NYC pou Tout Moun (NYC Vaccine for All) nou an ki akse sou ekite a konsantre li", **Majistra de Blasio te deklare.** "Yo te toujou rekonèt Estad Yankee pou banyè Seri Mondyal li yo, men kounye a yo pral

rekonèt li kòm yon plas kote moun ki nan kominote ozalantou nan Bronx lan ka resevwa dòz vaksen ke yo bezwen ak merite yo. Sa a se yon kesyon jistis ak kanpe pou katye yo ki te frape pi di pa COVID-19."

**New York Yankees te deklare,** "New York Yankees rekonèt efè devastatè COVID-19 genyen sou minisipalite nou an, e se yon privilèj pou nou genyen Estad Yankee kòm yon sit òganizatè pou bay vaksen pou rezidan Bronx yo. Vaksinasyon sa yo pral fè yon diferans imedya nan amelyore sante kominote lokal nou an — ki te tèlman depase pa pandemi sa a — epi nou pwolonje apresyasyon nou pou tout moun ki enplike nan rann efò sa a pote fwi, ki gen ladan Gouvènè Andrew Cuomo, Eta New York, Majistra Bill De Blasio, Vil New York ak SOMOS Community Care. Nou pral fè tou sa ki nesesè pou fè sa a vin yon siksè".

**Doktè Ramon Tallaj, Prezidan SOMOS, yon rezo doktè kominotè ki ede dirije efò vaksinasyon yo nan New York, ki gen ladan nouvo etablisman nan Estad Yankee a, te deklare,** "Estad Yankee se kay ewo isit la nan New York - epi li se senbòl grandè Empire State la atravè mond lan. Estad Yankee vle di fyète ak optimis epi li reprezante sa ki fè New York espesyal: kominote a. Epi se sans kominote sa a ki fè kolaborasyon nou avèk Gouvènè Cuomo ak vil New York enpòtan anpil pou pote vacuna de esperanza - ki se Vaksen espwa a - nan katye a. Kòm yon rezo doktè fanmi ak doktè kominotè, nou pale menm lang lan, nou pataje istwa yo, epi nou konprann kilti moun nou sèvi ak trete yo. Anpil nan nou se imigran tankou pasyan nou yo. Nou ap viv nanmenm katye yo. Nou pale lang lan. Nou ofri yon modèl nasyonal pou simonte mefyans ak dout nan kominote yo ki istorikman majinalize pa sistèm swen sante tradisyonèl yo tankou gwo lopital yo ak chèn famasi yo. Men, nou bezwen sipò lokal, eta, ak federal la pou fè li rive. Opere yon sit ablematik fanmi ke tout Nouyòkè ki sitye nan Bronx ak ansanm ak ewo endijèn tankou Mariano Rivera se yon gwo etap an avan ki ka akomode gwo kantite chif - men nou bezwen asire ke nou jwenn dòz yo pou li kapab atenn tout potansyèl li. Nan yon gwo fim bezbòl, ki rele Field of Dreams (Domèn Rèv) gen senaryo ki di 'si ou bati li, li pral materyalize.' Mwen optimis ke se pral sityasyon pou kominote koulè yo ak vaksinasyon nan Estad Yankee a -- epi nou nan SOMOS nou pare pou mete dòz yo nan bra yo, vil nou an bezwen retounen nan travay, re-ouvri lekòl yo ak ti biznis yo, ak rekipere anba pandemi sa a. Pou Nouyòkè nou yo ki soti nan Bronx k ap tann pou pran vaksen an, espwa a la".

**Majò Jeneral Ray Shields, Jeneral Adjwen New York lan, te deklare,** "Sòlda yo ak Avyatè Gad Nasyonal New York yo kontan pou yo fè pati efò sa a pou bay vaksen pou rezidan nan Bronx yo. Gad Nasyonal New York te fè pati repons COVID-19 eta a depi mas 2020 epi kounye a nou gen plis pase 2,500 gason ak fanm ki an sèvis nan tout eta a k ap travay pou kontwole pandemi an".

Apati vandredi 5 fevriye,, sit Estad Yankee a la pral fonksyone soti 8 a.m. rive 8 p.m., sèt jou pa semèn. Vaksinasyon yo se sou randevou sèlman epi yo rezève pou rezidan Bronx ki ranpli [kondisyon elijibilite vaksen 1a ak 1b New York la](#) sèlman. Rezidan Bronx ki kalifye yo ka pran randevou pa yo lè yo vizite [Somosvaccinations.com](https://www.somosvaccinations.com) oswa lè yo rele 1-833-SomosNY.

Moun ki pwograme randevou pou Estad Yankee yo, yo egzije yo pou yo pote prèv rezidans avèk yo nan randevou a. Pou bay prèv li rete nan Bronx, yon moun dwe montre:

Youn nan sa ki annapre yo:

- Pyès idantite eta a oswa gouvènman an bay;
- Deklarasyon mèt kay la;
- Resi lwaye oswa kontra anfèmman ankou;
- Dosye prè ipotekè.

## OSWA

De nan sa ki annapre yo:

- Deklarasyon yon lòt moun bay;
- Kourye li resevwa pa lapòs dènyèman;
- Dosye lekòl.

Ansanm ak lefèt ke Bronx te kontinye gen pi gwo to pozitivite COVID-19 nan nenpòt minisipalite nan Vil New York pandan plizyè semèn ki sot pase yo, etablisman sit Estad Yankee a pral jwe yon wòl kle tou nan avanse manda Gouvènè Cuomo a pou asire distribisyon vaksen COVID-19 ki jis ak ekitab. Nan fen 2020, Gouvènè a te anonse lansman Gwoup Travay sou Ekite Vaksen nan New York. Depi etablisman li, li deja ap travay pou asire kominote vilnerab ak defavorize yo pa rete dèyè nan elimine baryè pou jwenn vaksinasyon epi asire gen distribisyon ekitab vaksen an nan tout eta a.

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo ak Gwoup Travay la, New York te travay pou kraze baryè ki anpeche aksè ak vaksen yo atravè deplwaman kit vaksinasyon kominotè yo ak etablisman sit vaksinasyon kominotè 'tanporè' nan legliz yo, sant kominotè yo ak konplèks lojman piblik yo. Nan kad efò sa a, New York pral kontinye deplwaye twous sa yo jiskaske yo etabli sit tanporè yo nan tout 33 Devlopman Lojman pou Moun Aje NYCHA (NYCHA Senior Housing Developments) yo ki loje plis pase 7,600 granmoun. Yo pral kontinye etabli tou lokal tanporè yo pral nan lòt konplèks lojman piblik yo nan tout Eta a, epitou nan plis pase 300 legliz ak sant kiltirèl ki ofri tèt yo volontèman pou loje sit sa yo atravè Gwoup Travay sou Ekite Vaksen (Vaccine Equity Task Force) an. Depi 15 janvyè, prèske 9,000 Nouyòkè te resevwa premye dòz vaksen COVID-19 pa yo nan sit tanporè sa yo ki baze nan kominote a. Menm jan ak sityasyon sit tanporè anvan yo, yo pral re-etabli sit sa yo nan twa semèn pou administre dezyèm dòz yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)